



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 12 desanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BANK YO AK KONPAYI REKOUVREMAN PRÈ IPOTEKÈ YO PRAL FASILITE
PEMAN ASIRANS YO BA PWOPRIYETÈ KAY YO**

Mezi yo Ap Elimine Fòmalitye k ap Anpeche Pwopriyetè Kay yo Resevwa Lajan Asirans

Peryòd Gras sou Peman Prè Ipotekè Te Pwolonje Tou pou yon Lòt Twa Mwa

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gwo bank yo ak konpayi rekouvremman prè ipotekè yo pral pran mezi pou fasilite peman asirans ba pwopriyetè kay yo nan New York. Pou kounye a, bank yo oswa konpayi rekouvremman prè ipotekè yo dwe apwouve chèk reklamasyon asirans anvan pwopriyetè kay yo kapab kach chèk yo, sa ki lakòz reta ki bay fwistrasyon nan yon moman lè lajan nesèsè pou fè reparasyon nan kay oswa pou fè depans pou viv. Nouvo aksyon sa yo pral pèmèt konpayi asirans yo bay pwopriyetè kay yo lajan an pi vit.

Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services – DFS) te resevwa plizyè plent pwopriyetè kay. Plent yo endike konpayi rekouvremman yo ak bank yo enpoze kondisyon sevè yo pa ba abitye enpoze anvan y ap siyen chèk yo. Sa te lakòz reta ki pa akseptab nan bay lajan an pou Nouyòkè ki nan nesèsite yo. Men, nouvo mezi yo ap pèmèt pwopriyetè kay yo resevwa lajan yo pi vit.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pwopriyetè kay yo bezwen èd kounye a, epi se rezon sa a ki fè konpayi asirans yo ap voye chèk davans pou satisfè bezwen imedyat yo. Nenpòt reta nan fè kalite reparasyon enpòtan sa yo nan kay yo kapab vle di diferans ant yon fanmi ki kapab viv san pwoblèm lakay yo oswa rete deplase san nesèsite pandan anpil semèn oswa menm pandan plizyè mwa. Mwen vle di bank sa yo ak konpayi rekouvremman prè ipotekè sa yo mèsè poutèt yo asosye avèk nou, epi mande tout lòt bank yo ak konpayi rekouvremman yo pou yo satisfè prensip konpetitè yo mete anplas.”

Benjamin M. Lawskey, Sipè-Entandan Sèvis Finansye, di konsa, “Peman asirans yo se yon pati enpòtan pou moun k ap rebati lavi yo. N ap kontinye fè tout sa nou kapab pou wè kijan yo travay sou reklamasyon yo san pèdi tan, epi pwopriyetè kay yo ak biznis yo ap resevwa tout lajan yo dwe jwenn yon fason pou yo kapab retounen nan aktivite yo. Li bon pou wè bank ak konpayi rekouvremman sa yo ap pran mezi byen vit pou ede ap fasilite redrèsman Eta nou an.”

Haitian Creole

Jodi a, Gouvènè a te anonse tou peryòd gras la sou peman prè ipotekè yo te pwolonje pou yon lòt twa (3) mwa. Tan siplemantè sa a ap pèmèt Nouyòkè ki afekte nan Ouragan Sandy pou yo ajou avèk peman yo san yo pa gen pou non yo ale nan ajans rekouvreman oswa san eskò kredi yo pa bese.

Depatman Sèvis Finansye te resevwa plizyè plent pwopriyetè kay yo. Plent sa yo endike konpayi rekouvreman yo ak bank yo enpoze kondisyon sevè yo pa abitye bay anvan y ap siyen chèk yo davans, sa ki lakòz yo pran plis tan ki pa nesesè nan bay lajan an. Sa lakòz pwoblèm grav pou anpil fanmi ki bezwen lajan asirans yo anpil pou yo viv ak pou yo kòmanse fè reparasyon yo. Mezi yo anonse jodi a ap pèmèt plis pwopriyetè kay resevwa lajan yo davans san pèdi tan.

Men bank ak konpayi rekouvreman yo:

- Bank of America
- Citi Mortgage
- JPMorgan Chase N.A.
- Wells Fargo Home Mortgage
- Apple Savings Bank
- Dime Savings Bank of Williamsburg
- Emigrant Savings Bank
- Homeward Residential
- M&T Bank, Nationstar
- New York Community Bank
- Ocwen Loan Servicing

Bank yo ak konpayi rekouvreman yo gen obligasyon pou swiv règ diferan yo enpoze nan Fannie Mae, Freddie Mac ak investisè ki posede tit ki sipòte nan prè ipotekè. Anjeneral, kòm yon rezilta diskisyon avèk Administrasyon Cuomo a, enstitisyon yo ofri kalite soulajman sa yo:

- Kounye a, bank yo ak konpayi rekouvreman yo ap itilize plis diskresyon lè yo anba règ yo pou bay lajan reparasyon kay yo imedyatman pou pwopriyetè kay yo ak antreprenè yo.
- Bank yo ak konpayi rekouvreman yo ap bay nenpòt pòsyon asirans oswa lajan sekou ki deziyen pou depans pou viv oswa pou ranplase byen pèsònèl, epi y ap bay imedyatman nenpòt lajan anplis balans prè ki pa peye.
- Si depans pou viv ak kantite lajan pou byen pèsònèl pa detaye nan peman asirans lan oswa nan peman sekou a, bank yo ak konpayi rekouvreman yo ap mande pou konpayi asirans lan bay yo repatisyon, epi y ap bay lajan ki aplikab la.

- Bank yo ak konpayi rekouvremman yo p ap aplike okenn pòsyon yon chèk asirans oswa yon chèk sekou nan aryere peman prè ipotekè san konsantman swa pwopriyetè kay la oswa yon antrepriz gouvènman federal la finanse tankou Fannie Mae oswa Freddie Mac.

Detay yo ka pa menm pou chak enstitisyon, epi yo ka depannde kondisyon investisè a ak kondisyon kontwòl. Moun ki prete lajan yo ta dwe kontakte bank yo oswa konpayi rekouvremman yo pou jwenn enfòmasyon espesifik.

Answit, kèk Nouyòkè remake peryòd gras twa (3) mwa a sou peman prè ipotekè bank yo ak konpayi rekouvremman yo te ofri anvan yo pa long ase pou yo retounen nan aktivite yo. Sou ankourajman Administrasyon Cuomo, bank yo ak konpayi rekouvremman yo ap pwolonje peryòd gras sa a pou yon lòt twa (3) mwa, pou yon total sis (6) mwa apre katastwòf la pou kalite sekou sa yo:

- Ranvwa sezi-ipotèk ak degèpisman.
- Anilasyon frè pou reta sou peman prè ipotekè.
- Nan kèk ka, selon reyalite espesifik ak sikonstans yon moun ki prete lajan, endiljans sou peman prè ipotekè kote moun ki prete lajan an te afekte nan ouragan an epi ap chèche soulajman.

Detay yo ka pa menm nan diferan enstitisyon epi yo depannde gid investisè a, poutèt sa pwopriyetè kay yo ta dwe kontakte enstitisyon ki gen prè ipotekè yo. Nan fen peryòd gras la, bank yo ak konpayi rekouvremman yo ap kreye yon plan peman pou pèmèt pwopriyetè kay yo ranbouse peman yo pa t fè yo sou yon peryòd tan ki pi long.

Sanjiv Das, Prezidan ak Direktè Jeneral CitiMortgage, di konsa, “Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Sipè-Entandan Lawsky poutèt yo pran devan pou travay avèk endistri bank lan sou kesyon enpòtan sa a, epi nou kontan pou travay avèk Gouvènè a nan kontinye ede pwopriyetè kay yo pandan moman difisil sa a.”

Josh Zinner, Ko-Direktè NEDAP, yon òganizasyon jistis ekonomik ki baze nan Vil New York, di konsa, “NEDAP bat bravo pou Administrasyon Cuomo poutèt yo travay pou asire konpayi rekouvremman prè ipotekè yo pa deranje peman lajan asirans okonplè ak rapid pou pwopriyetè kay ki afekte nan ouragan an. Nou swete chak konpayi rekouvremman prè ipotekè k ap fè biznis nan eta a ap pran tout mezi ki posib pou evite sezi=ipotèk, epi pou ede kominote ki frape di nan ouragan an rebati.”

Margaret Becker, Ko-Direktè, Homeowner Defense Project, Staten Island Legal Services, di konsa “Kouraj ak detèminasyon pwopriyetè kay ki sou litoral Staten Island ki te devaste nan ouragan an ekstrawòdinè, men yo fatige. Travay fizik di a rive nan yon bout, men fòmalitye o tou. Sipò Depatman an ak angajman bank yo pou fè yo bay lajan asirans yo vit epi pou bay pwopriyetè kay yo fleksibilite sou peman prè

ipotekè yo ap ede retire kèk fado pou moun sa yo pandan y ap retounen nan aktivite yo ansanm dousman.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418